



PIBON POU TRAVAYÈYO

KONPANSASYON TRAVAYÈ
AVANTAJ POU ANDIKAP
KONJE FAMILYAL PEYE



Workers'
Compensation
Board

Konprann avantaj anplwaye yo

Konsèy Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Board, WCB) (Konsèy) Eta New York la sipèvize twa tip asirans: konpansasyon travayè, avantaj pou andikap, ak Konje Familyal Peye, ansanm ak avantaj pou ponpye volontè ak travayè anbilans yo. Nou sipèvize tou rejis travayè ak volontè World Trade Center yo. Men yon ti apèsi sou avantaj moun gen aksè a yo pi souvan yo.

KONPANSASYON TRAVAYÈ

Asirans konpansasyon travayè bay avantaj pou salè anplwaye a pèdi ak pou tretman medikal si anplwaye a ta vin blese oswa malad akòz travay li. Anjeneral, tout anplwaye yo kouvri pou konpansasyon travayè.

Avantaj pou salè ki pèdi

Nan pifò ka yo, avantaj pou salè ki pèdi ki kouvri anba konpansasyon travayè yo se de tyè nan salè mwayen chak semèn (AWW) yon anplwaye multipliyè pa degre andikap yo, ki se yon pousantaj ki reprezante nan ki nivo yo andikape.

$$\frac{2}{3} \text{ AWW} \times \% \text{ nan andikap} = \text{avantaj chak semèn}$$

Remak: Yo pa pran taks sou peman avantaj pou salè ki pèdi ki kouvri anba konpansasyon travayè yo.

Pou konpansasyon travayè yo, AWW a baze sou salè brit anplwaye a, ki gen ladan lè siplemantè ak lòt konpansasyon, pou 52 semèn anvan dat blesi oswa maladi a. Avantaj pou salè ki pèdi ki kouvri anba konpansasyon travayè yo limite a yon kantite maksimòm chak semèn, baze sou ane anplwaye a te sibi domaj la (gade tablo a).

AVANTAJ POU SALÈ KI PÈDI CHAK SEMÈN	
Dat domaj la/ maladi a:	Montan Maksimòm
1ye jiyè 2025 – 30 jen 2026	\$1,222.42
1ye jiyè 2024 – 30 jen 2025	\$1,171.46
1ye jiyè 2023 – 30 jen 2024	\$1,145.43
1ye jiyè 2022 – 30 jen 2023	\$1,125.46
1ye jiyè 2021 – 30 jen 2022	\$1,063.05
Pou ane anvan yo, ale sou wcb.ny.gov	

Montan maksimòm chak semèn pou avantaj la baze sou Salè Mwayen chak Semèn Eta New York (New York State Average Weekly Wage, NYSAWW), Depatman Travay (Department of Labor) Eta New York la detèmine chak ane.

Kantite minimòm avantaj salè ou pèdi pa semèn lan depann tou de dat blesi oswa maladi a. Avantaj minimòm chak semèn lan se 150 dola pou blesi

oswa maladi ki gen rapò ak travay ki rive ant 1ye me 2013 ak 31 desanm 2023; 275 dola pou blesi oswa maladi ki rive nan ane 2024; epi 325 dola pou blesi oswa maladi ki rive nan ane 2025. Apati ane 2026, avantaj minimòm nan pral fikse selon yon senkyèm NYSAWW a.

Gen kèk restriksyon sou avantaj pou salè ki pèdi toudepann de kantite tan yon anplwaye rate nan travay:

- **Sèt jou oswa mwens:** Travayè a pa resevwa avantaj pou salè li pèdi ki kouvri anba konpansasyon travayè yo.
- **Uit jiska 14 jou:** Travayè a resevwa avantaj pou salè li pèdi ki kouvri anba konpansasyon travayè yo kòmanse sou uityèm jou li pa al travay la.
- **15 jou oswa plis:** Anplwaye a ka resevwa avantaj pou salè ki pèdi ki kouvri anba konpansasyon travayè yo apati premye jou li te rate nan travay la.

Tout swen medikal ki nesèsè pou blesi oswa maladi ki gen rapò ak travay ki kouvri, kèlkeswa kantite tan ou pèdi nan travay la.

KONPANSASYON TRAVAYÈ (swit)

Avantaj pou tretman medikal

Tretman medikal pou tout lavi pou aksidan oswa maladi ki gen rapò ak travay la se founisè Konsèy la otorize ki bay yo gratis pou anplwaye a.

Tretman medikal la kouvri, kit yon anplwaye pèdi tan travay oswa kit li pa pèdi tan travay oswa si l ap resevwa yon avantaj pou salè ki pèdi. Konpayi asirans patwon an ap peye bòdwo medikal yo pou aksidan oswa maladi yon anplwaye

dirèkteman bay pwofesyonèl swen sante yo; anplwaye yo pa fè okenn depans ak lajan ki soti nan pòch yo. Yo ka ranbouse anplwaye yo pou milyaj, transpò piblik, oswa lòt depans nesèsè yo fè lè y ap deplase pou tretman.

AVANTAJ POU ANDIKAP

Asirans avantaj pou andikap bay avantaj lajan kach tanporè pou anplwaye ki blese oswa malad andeyò travay yo epi ki pa kapab travay. Anjeneral, pifò anplwaye ki travay pou patwon prive yo kouvri anba avantaj pou andikap apre yo fin travay kat semèn pou patwon sa a. Patwon piblik yo

ka volontèman bay anplwaye yo asirans.

Avantaj lajan kach

Avantaj lajan kach pou avantaj pou andikap yo se 50% nan AWW yon anplwaye, jiska yon maksimòm \$170.00 pa semèn. Pou avantaj pou andikap yo, AWW a baze sou salè yon

anplwaye pou uit semèn travay anvan dènye jou li te travay la. Yo peye avantaj yo pou jiska 26 semèn pou andikap pandan 52 semèn youn apre lòt. Gen yon peryòd datant sèt jou pou avantaj yo; avantaj yo kòmanse nan uityèm jou konsekitif andikap la. Avantaj lajan kach pou avantaj pou andikap yo sijè a taks Sekirite Sosyal.

KONJE FAMILIAL PEYE

Asirans Konje Familial Peyè (Paid Family Leave, PFL) Eta New York la bay lè konje peye kote travay ou pwoteje pou:

- **KREYE LYEN AFEKTIF** ak yon tibebe ki fenk fèt, timoun yo fenk adopte, oswa timoun yo fenk akeyi nan fwaye dakèy,
- **PRAN SWEN** yon manm fanmi ki gen yon pwoblèm sante grav, oswa
- **EDE** moun pwòch yo lè yon mari oswa madanm, moun ou plase ak li, timoun, oswa paran deplwaye aletranje pou sèvis militè aktif.

Pifò anplwaye k ap travay nan Eta New York pou patwon prive

yo kouvri pou PFL Eta New York, pandan patwon piblik yo ka patisipe volontèman pou bay kouvèti asirans.

Anplwaye piblik ki reprezante nan sendika yo ka kouvri si yo te negosye avantaj la nan negosyasyon kolektif. Anplwaye ki kouvri yo dwe satisfè sèten kondisyon pou yo pran PFL: anplwaye ki travay atan plen yo dwe te travay avèk patwon yo pandan 26 semèn youn apre lòt, alòske anplwaye ki travay atan pasyèl yo te dwe travay pou patwon yo pandan 175 jou, ki pa bezwen youn apre lòt.

Konje ak avantaj salaryal

PFL bay jiska 12 semèn konje travay pwoteje, a 67% nan AWW yon

anplwaye, jiska yon maksimòm 67% nan NYSAWW. Se Depatman Travay Eta New York la ki detèmine NYSAWW a.

AWW a se mwayèn nan pou uit dènye semèn travay yon anplwaye anvan li pran PFL, ki gen lajan bonis ak komisyon. Douz semèn se kantite maksimòm pou konje ke yo ka pran nan yon peryòd 52 semèn. Avantaj konbine maksimòm pou PFL ak avantaj pou andikap la se 26 semèn nan yon peryòd 52 semèn.

Ou ka wè avantaj maksimòm aktyèl la ak plis detay sou paidfamilyleave.ny.gov.

Konsèy Konpansasyon Travayè (Workers' Compensation Board, WCB) Eta New York la pwoteje dwa anplwaye ak patwon yo nan asire livrezon apwopriye avantaj yo ak nan ankouraje konfòmite ak lalwa. Pou aprann plis konsènan Konsèy la, ale sou wcb.ny.gov. Enskri pou resevwa notifikasyon Konsèy la nan wcb.ny.gov/Notify.